



Enfòmasyon sou Direktiv Davans pou Sante Mantal (Pou Granmoun Sèlman)

Chrysalis Health pa prepare, pa konsève, epi pa jere Direktiv Davans (Advance Directives) pou moun k ap resevwa sèvis sante konpòtman.

Si ou vle prepare oswa mete ajou yon Direktiv Davans, yo ankouraje ou chèche konsèy nan men yon avoka oswa yon pwofesyonèl swen sante.

Si ou deja genyen yon Direktiv Davans pou Sante Mantal (Mental Health Advance Directive), tanpri bay Chrysalis Health yon kopi dokiman an.

Si yon kliyan mande èd konsènan Direktiv Davans, Chrysalis Health kapab refere kliyan an bay:

- founisè swen sante lokal;
- sèvis legal;
- oswa lòt resous kominotè ki kapab ede nan pwosesis la.

Malgre Chrysalis Health pa konsève Direktiv Davans yo, anplwaye yo kapab ekri nan dosye klinik kliyan an si kliyan an:

- genyen oswa pa genyen yon Direktiv Davans;
- idantite moun kliyan an chwazi kòm reprezantan oswa moun k ap pran desizyon pou li (surrogate);
- epi yo ka mande yon kopi dokiman an.

Sepandan, enfòmasyon sa yo pap konsidere kòm yon Direktiv Davans legalman valab, epi yo pap trete yo kòm yon Direktiv Davans ofisyèl.

Nenpòt preferans kliyan an eksprime konsènan swen li kapab note nan dosye klinik la, men responsablite Chrysalis Health limite sèlman ak sèvis yo bay selon bezwen klinik kliyan an.

Enfòmasyon Enpòtan

Si ou panse li posib pou yo entène ou lopital pou tretman sante mantal alavni, epi doktè ou ta ka kwè ou pa kapab pran bon desizyon sou tretman ou nan moman sa a, ranpli yon Direktiv Davans pou Sante Mantal (Mental Health Advance Directive) ap ede asire yo respekte chwa tretman ou.

Li enpòtan pou ou deside depi kounye a:

- ki kalite tretman ou vle resevwa;
- ki tretman ou pa vle resevwa;
- epi chwazi yon zanmi oswa yon manm fanmi ou fè konfyans pou pran desizyon sou swen sante mantal ou selon volonte ou.

Ou toujou gen dwa chanje preferans ou oswa chanje moun ou te chwazi kòm reprezantan ou nenpòt ki lè.

Tanpri sonje: Moun ou chwazi kòm reprezantan swen sante ou (health care surrogate) oswa ranplasan li dwe:

- yon granmoun ki gen kapasite legal;
- epi ki pa pèdi dwa sivil li.

Avi Enpòtan

Chrysalis Health pa bay konsèy legal konsènan Direktiv Davans yo.

Chrysalis Health pa rekòmande, pa sètifye, epi pa deklare okenn modèl fòm Direktiv Davans kòm pi bon oswa kòm fòm ki apwopriye pou ou.

Objektif Chrysalis Health se sèlman:

- enfòmè ou sou dwa ou;
- epi montre ou kote ou kapab jwenn yon egzanp fòm Direktiv Davans.

Ou ta dwe toujou konsilte yon avoka pou jwenn konsèy sou dwa legal ou.

Chrysalis Health pa andose, pa garanti, pa sètifye, epi li pa pran okenn responsablite pou sèvis nenpòt avoka, pwofesyonèl oswa lòt òganizasyon yo rekòmande oswa refere ou jwenn.